

# MAJISTRA MICHELLE WU AK SEKRETÈ ENTERIMÈ AK DIREKTÈ JENERAL PHIL ENG ANONSE REYINYON KOMINOTÈ POU PWOJÈ TRANSFÒMATIF POU BLUE HILL AVENUE

*Vil Boston ak MBTA pral prezante desen ki ajou yo epi chèche plis opinyon apre plis  
pase twa (3) ane fidbak kominotè*

**BOSTON** – Vandredi 31 Jiyè 2026 – Vil Boston ak MBTA anonse jodi a yon seri reyinyon kominotè pou prezante yon konsepsyon ki ajou pou Blue Hill Avenue Transportation Action Plan epi ranmase plis opinyon nan men piblik la. Pandan reyinyon yo, rezidan yo ap gen opòtinite pou revize konsepsyon pwojè ki ajou a, seksyon pa seksyon, poze kesyon, epi bay opinyon sou règleman pakin, ekleraj lari, espas vèt ak pyebwa bò lari, konsepsyon estasyon otobis yo, sipò pou ti biznis yo, ansanm ak lòt priyorite kominotè.

Pwojè sa a reprezante pi gwo envestisman ki fèt nan amenajman Blue Hill Avenue depi plizyè dizèn ane. Li pral finanse yon rekonstriksyon konplè wout la ak twotwa yo sou tout koridò ki mezire twa (3) mil, epi ajoute nouvo limyè lari, pyebwa, mèb lari, pasaj pyeton ki pi an sekirite, ansanm ak lòt amelyorasyon. Yo prevwa liy otobis yo pwopoze pou pase nan mitan wout la ap diminye tan vwayaj pou tout liy otobis ki sèvi Blue Hill Avenue. Vwayaj sou Wout 28 soti Mattapan rive Grove Hall pral vin pi kout apeprè 10 a 15 minit pandan lè gwo trafik yo, sa ki pral redui tan vwayaj la prèske mwatye.

"Apre plizyè ane ap koute epi aprann nan men rezidan yo, biznis lokal yo, lidè eli yo, ak itilizatè transpò piblik yo, nou kontan pataje yon pwopozisyon ki ajou ki reflekte fidbak detaye nou resevwa yo epi ranmase plis opinyon piblik sou lavni Blue Hill Avenue," se sa **Majistra Michelle Wu** te di. "Mwen ankouraje rezidan yo pou yo patisipe nan reyinyon kominotè k ap vini yo epi ede gide envestisman transfòmatif sa a, ki pral sèvi plizyè jenerasyon, pou fè Blue Hill Avenue vin pi an sekirite ak pi byen konekte pou tout moun ki ap viv, travay, adore, posede yon biznis oswa vwayaje sou koridò istorik sa a, jodi a ak pou jenerasyon k ap vini yo."

"Rezidan yo, biznis yo ak tout moun ki itilize epi travèse Blue Hill Avenue merite yon koridò ki reponn ak bezwen tout moun. Vil la ak MBTA apresye tout opinyon piblik nou resevwa pou devlope nouvo seri konsepsyon lari sa yo. Avèk reyinyon piblik k ap vini sa yo, nou ankouraje tout moun vini wè chanjman yo pwopoze yo epi pataje plis opinyon, ki enpòtan anpil pou nou kapab reyalize pwojè sa a avèk siksè," se sa **Sekretè Enterimè Transpò ak Direktè Jeneral Phillip Eng** te di. "Dènyèman, pandan n ap kontinye travay ak delegasyon lokal nou an, biznis lokal yo ak rezidan yo, li klè kominote a ap mande epi li merite yon nouvo konsepsyon pou Blue Hill Avenue ki reponn ak priyorite katye yo depi lontan. Yon konsepsyon ki amelyore sekirite, prezève pakin, sipòte biznis yo epi pèmèt pyeton, machin, otobis ak bisiklèt itilize koridò a yon fason ki amelyore kalite lavi tout moun. Nou ankouraje tout moun patisipe nan reyinyon k ap vini sa yo pou wè pwopozisyon ki ajou a epi pèmèt nou kontinye rafine detay yo pou nou ka reyalize pwojè transfòmatif sa a pou nou tout."

Konsepsyon ki ajou a enkòpore chanjman epi li reponn ak enkyetid ki te souleve pandan twa (3) ane angajman ak kominote a. Mizajou prensipal yo ak avantaj yo gen ladan yo:

- **Sikilasyon Trafik ak Sekirite:** De (2) oswa plis liy sikilasyon nan chak direksyon sou pi fò nan zòn pwojè a, pou ogmante kapasite trafik la epi jere konjesyon an, ansanm ak vire agoch ak demi-tou ki kontwole pa limyè trafik pou amelyore sekirite chofè ak pyeton yo. Pwojè a konsantre tou sou diminye distans pyeton yo bezwen travèse, ajoute plis zile pou pasaj pyeton, epi kreye yon liy bisiklèt pwoteje nan toude direksyon pou bay aksè nan katye ak pak ki sou koridò a.
- **Yon Ogmantasyon Nèt nan Espas Pakin:** Ap gen plis espas pakin sou koridò a pase kantite ki egziste jodi a. Anplis, Mattapan Square pral resevwa yon nouvo sifas wout epi yo pral refè makaj liy yo anvan konstriksyon an pou satisfè bezwen pakin aktyèl yo.
- **Espas Vèt ak Enfrastrikti:** Prèske 200 nouvo pyebwa bò lari, tout limyè lari yo pral ranplase, limyè trafik yo pral mete ajou, 185 nouvo ranp pou pyeton, ak 20 lòt pasaj pyeton ki kontwole pa limyè trafik pou rann travèse lari yo pi kout ak pi an sekirite.
- **Sèvis Transpò Piblik Amelyore:** Liy otobis ki pase nan mitan wout la ak platfòm monte-desann yo fèt pou diminye konjesyon, amelyore sèvis transpò piblik la, epi ajoute espas pakin sou bò twotwa a

Anplis, Vil la ak MBTA pran angajman pou sipòte ti biznis yo ak enstitisyon relijye ki sou koridò a pandan peryòd konstriksyon an ak apre pwojè a fini. Biwo Sèvis Katye Vil la, Biwo Afè Kiltirèl, Biwo Opòtinite Ekonomik ak Enklizyon, ansanm ak ekip angajman MBTA yo, ap kontakte pwopriyetè biznis yo ak lidè relijye yo pou konprann bezwen yo prevwa epi yo pral travay pou devlope mezi pou diminye enpak pwojè a.

“Mwen vle remèsye Majistra Wu, Direktè Jeneral Eng, ansanm ak ekip transpò Vil Boston ak MBTA yo pou efò san pran souf yo fè sou konsepsyon ki ajou sa a pou Blue Hill Ave,” se **sa Reprezantan Eta Russell Holmes** te di. “Kominote nou yo merite envestisman sa a nan katye nou yo. Mwen espere kontinye wè yon angajman solid nan men kominote a pandan sezon otòn sa a pou kontinye rafine konsepsyon an epi fè pwojè sa a, ke moun ap tann depi lontan, tounen yon reyalite.”

“Mwen kontan wè kalite angajman kominotè sa a ki antoure pwojè Blue Hill Avenue la,” se **sa Konseye Vil Enrique Pepén** te di. “Li enpòtan anpil pou rezidan yo, pwopriyetè biznis yo, ak moun ki pran otobis yo rete nan sant pwosesis sa a, pou nou kapab kreye yon koridò ki pi an sekirite, pi aksesib, epi ki sèvi tout moun pi byen. Antanke Konseye Vil ki reprezante premye 1.4 mil pwojè a, mwen fyè pou m sipòte travay sa a epi kontinye defann bezwen kominote nou an.”

“Nan Mattapan Food and Fitness Coalition, vizyon nou se wè Mattapan kòm yon kominote ki an sante, byen konekte, epi k ap pwospere,” se **sa Direktris Egzekitif Mattapan Food and Fitness Coalition, Shavel'le Olivier** te di. “Yon sistèm transpò piblik ki fyab, ki an sekirite, epi ki aksesib esansyèl pou fè vizyon sa a tounen yon reyalite. Reyinyon kominotè k ap vini yo sou Blue Hill Avenue bay yon opòtinite pou angaje rezidan yo ankò, tandè dirèkteman moun ki konte sou koridò sa a chak jou, epi travay ansanm pou fòme avni transpò piblik nan katye nou an. Nou ankouraje tout moun patisipe epi ede asire vwa kominote a rete nan sant pwosesis sa a.”

#### **Orè Reyinyon yo:**

*Sèvis entèpretasyon lang ap disponib.*

#### **Town Hall in Mattapan (Reyinyon Piblik nan Mattapan)**

Dat: Jedi 10 Septanm 2026  
Lè: 6:30 PM–8:00 PM  
Adrès: Morning Star Baptist Church  
1257 Blue Hill Avenue  
Mattapan, MA 02126

**Open House in Dorchester (Sware Pòt Louvri nan Dorchester)**

Dat: Lendi 14 Septanm 2026  
Lè: 6:30 PM  
Adrès: BCYF Perkins Community Center  
155 Talbot Avenue, Boston, MA 02124

**Open House in Mattapan (Sware Pòt Louvri nan Mattapan)**

Dat: Madi 22 Septanm 2026  
Lè: 6:00 PM  
Adrès: Mattapan Branch Library  
1350 Blue Hill Ave, Mattapan, MA 02126

**Town Hall in Grove Hall (Reyinyon Piblik nan Grove Hall)**

Dat: Mèkredi 30 Septanm 2026  
Lè: 6:30 PM  
Adrès: BCYF Holland  
85 Olney St, Boston, MA 02121

Pwojè a jwenn sipò atravè yon sibvansyon Depatman Transpò Etazini. Sibvansyon sa a administre pa Federal Transit Administration (FTA), ansanm ak finansman Vil Boston ak MBTA. Envestisman sa a pral sipòte konsepsyon an ansanm ak rekonstriksyon konplè Blue Hill Avenue, soti nan River Street rive nan nò jiska Warren Street.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon nan: [mbta.com/projects/blue-hill-avenue-transportation-action-plan](https://mbta.com/projects/blue-hill-avenue-transportation-action-plan).

###